दिन–गुरूवार दिनांक–16.04.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

संसद के विस्तारित बजट सत्र के अंतर्गत लोक सभा आओर विधानसभा मे महिला आरक्षण पर चर्चाक लेल आइ सँ तीन दिवसीय विशेष अधिवेशन शुरू भऽ गेल अछि। लोकसभा मे महिला आरक्षण विधेयक पर चर्चा जारी अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी चर्चा मे भाग लैत कहलनि जे ई भारतक संसदीय लोकतंत्रक इतिहास मे एकटा महत्वपूर्ण क्षण अछि।

श्री मोदी संदन के विश्वास दियौलनि जे एहि निर्णय प्रक्रिया सँ ककरो संग भेद–भाव नहि होयत। ओ कहलनि जे परिसीमनक जे अनुपात पहिने सँ चलि आबि रहल अछि, ओहि मे कोनो हेर–फेर नहि कयल जायत।

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे नारी शक्ति कैँ आरक्षण उपकार नहि, अपितु हुनक अधिकार अछि। श्री मोदी जनौलनि जे एहि विधेयक कैँ पारित कऽ पहिने कयल गेल गलती सभक पश्चताप कयल जा सकैत अछि।

प्रधानमंत्री श्री मोदी कहलनि जे विकसित भारतक निर्माण मे देशक आधा आबादी नीति–निर्धारणक हिस्सा बनय, ई सुनिश्चित करब एहि संसोधन विधेयक के लक्ष्य अछि।

---

एहि सँ पहिने केन्द्रीय कानून मंत्री अर्जुन राम मेघवाल लोकसभा मे एक सय एकतीसवां संविधान संसोधन विधेयक, दू हजार छब्बीस आओर परिसीमन विधेयक, दू हजार छब्बीस प्रस्तुत कयलनि। ओतहि, गृह मंत्री अमित शाह केन्द्रशासित प्रदेश कानून संसोधन विधेयक, दू हजार छब्बीस सदन मे प्रस्तुत कयलनि। जखनकि, विपक्षी सदस्य सभ एहि पर आपत्ति देखबैत एहि विधेयक कैँ आपस लेबाक आग्रह कयलनि। बाद मे मत विभाजनक बाद महत्वपूर्ण संसोधन विधेयक पर चर्चा शुरू भेल, जे काल्हि धरि जारी रहत।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे **नारी शक्ति वंदन अधिनियम** के माध्यमे महिला शक्ति कैँ हुनक अधिकार सुनिश्चित कयल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री श्री चौधरी पटना मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी महिला सभ कैँ आरक्षण दऽ हुनका आओर बेसी सशक्त बना रहल छथि।

———————————————————————————

माय भारत, पटना द्वारा नारी शक्ति वंदन थीम पर काल्हि पटना मे राष्ट्रीय फन–रन के आयोजन कयल जायत। फन–रन भोर छओ बजे मरीन ड्राईव रेलवे ब्रिज सँ शुरू होयत। एहि मे लगभग पांच हजार महिला प्रतिभागी सभ के शामिल होयबाक उम्मीद अछि। एहि आयोजनक उद्देश्य नारी शक्ति कैँ सम्मान देब आओर विकसित भारतक संकल्प कैँ जमीनी स्तर पर साकार करब अछि।

———————————————————————————

बिहार सँ नव निर्वाचित चारि टा सांसद आइ राज्यसभा सदस्यताक शपथ लेलनि। राज्यसभाक सभापति सी.पी. राधाकृष्णन भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन, राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा, जदयूक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री रामनाथ ठाकुर तथा भाजपाक नेता शिवेश कुमार कैँ सदनक सदस्यताक शपथ दियौलनि। ध्यातव्य अछि जे पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार दस अप्रैल के सदनक सदस्यता ग्रहण कऽ चुकल छथि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक पदभार सम्हारबाक बाद प्रशासनिक काज मे तेजी आयल अछि। मुख्यमंत्री लऽग वर्तमान मे गृह मंत्रालय समेत उनतीस विभागक जिम्मेदारी अछि। मुख्यमंत्री आइ सचिवालय मे कतेको विभागक अधिकारी सभक संग बैसार कयलनि। श्री चौधरी नगर विकास विभागक परियोजना आओर काजक समीक्षा कयलनि। एहि बीच नगर निकाय सभ मे ठोस अपशिष्ट प्रबंधन कैँ लऽकऽ अधिकारी सभ कैँ विशेष निर्देश देलनि अछि। एम्हर, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आइ जल संसाधन विभागक पदभार ग्रहण कयलनि।

———————————————————————————

राज्य मे काल्हि सँ जनगणना, दो हजार सत्ताईसक पहिल चरण शुरू होयत। एहि चरण के तहत **नागरिक वेब–पोर्टल एसई डॉट सेंसस डॉट जीओवी डॉट इन** पर जा कऽ स्वयं अपन परिवारक जानकारी ऑनलाईन दर्ज कऽ सकैत छथि। ई चरण एक मई धरि चलत। एहि प्रक्रिया मे परिवारक मुखियाक नाम आओर कोनो एक सदस्यक मोबाईल नंबर सँ पंजीकरण कयल जा सकैत अछि। स्व–गणनाक बाद संबंधित व्यक्ति कैँ एकटा आईडी भेटत, जकरा प्रगणक के घर अयबा पर हुनका उपलब्ध करेबाक होयत। एहिक बाद दू मई सँ घरक सूचीकरण आओर घरक गणना शुरू होयत जे एकतीस मई धरि चलत। जनगणनाक दोसर

चरण अगिला बरख फरवरी मे आयोजित कयल जायत। एहि मे आयु, लिंग, व्यवसाय, साक्षरता आ जाति संबंधित विवरण एकत्र कयल जायत। एम्हर, राजस्व एवं भूमि सुधार विभाग लोक सभ सँ जनगणना काज मे सहयोगक आग्रह कयलक अछि।

———————————————————————————

बिहार विधानसभाक अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड सीबीएसई के दसवीं परीक्षा मे उर्तीण छात्र सभ कैँ बधाई आ शुभकामना देलनि। श्री कुमार छात्र–छात्रा सभक उज्ज्वल भविष्यक कामना सेहो कयलनि।

———————————————————————————

समाप्त